



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 3 novanm 2012

## **GOUVÈNÈ CUOMO BAY DÈNYE ENFÒMASYON POU NOUYÒKÈ YO SOU PWOGRÈ K AP FÈT POU REZOUZ MANK GAZ LA**

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse plis pase 8 milyon galon gazolin ak lòt pwodui abaz petwòl la deja, epi y ap fè livrezon plis pase 28 milyon galon nan tèminal operasyon New York yo. Answit, anpil milyon galon rive nan New York Harbor pou livrezon ba tèminal yo. Gouvènè a te bay lòt enfòmasyon sou pwogrè k ap fèt pou rezoud mank gaz ki nan zòn metwo a.

Menmsi toujou pa gen ase gaz nan rejyon an akòz Ouragan Sandy, aksyon pou rezoud pwoblèm nan ap fèt selon planifikasyon, sa k ap pèmèt plis tèminal vin louvri pou livrezon nan baj, epi y ap pote plis pwodui abaz petwòl nan zòn metwo a.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Mank gazolin nan zòn metwo New York lakòz gwo pwoblèm pou sitwayen nou yo, epi eta a dwe pran tout mezi ki posib pou rezoud pwoblèm sa a. Menmsi gen anpil travay ki pou fèt, mwen mande eta a pou sispann pou yon ti tan egzijans ki asosye avèk distribisyon gazolin pou yo kapab pote gazolin lòt konbistib nan rejyon an, epi pou Nouyòkè yo kapab retounen nan aktivite yo yon fason nòmal san pèdi tan.”

Sa ki anba la a se sitiyasyon operasyon tèminal konbistib reyon an ak tèminal livrezon yo:

### **Oleyodik**

**Oleyodik Buckeye:** Yo te bay kouran an nan Linden, tèminal New Jersey, kote Oleyodik Buckeye kapab fè livrezon apeprè 8,5 milyon galon pa jou nan tèminal New York yo. Oleyodik la ap fonksyone. Tèminal Inwood, New York ak tèminal Vil Long Island ki resevwa pwodui nan oleyodik la ap fonksyone.

**Oleyodik Colonial:** L ap travay sou kouran dèlko; Livrezon limite nan tèminal Linden.

### **Long Island**

**Inwood – Global Terminal (gazolin ak pwodui distile):** Tèminal la louvri epi li kapab aksepte livrezon nan baj ak oleyodik. Li te louvri yès swa avèk apeprè 1,7 milyon galon gaz san plon; 350.000 galon gaz siperyè; 700.000 galon dizèl ULS anplas.

**Inwood – CARBO (gazolin ak pwodui distile):** Tèminal la louvri epi li kapab aksepte livrezon nan baj.

**Tèminal Northville nan Port Jefferson (gazolin ak pwodui distile):** Northville te louvri ayè avèk 2,4 milyon galon dizèl anplas. Yon baj te rive a minwi maten an avèk 1 milyon galon gazolin. Yon baj ki sòti nan Hess Port Reading pral rive jodi a avèk 1 milyon galon gazolin. Men lòt livrezon ki pwograme pou rive:

- 4 novanm: 1,5 milyon galon gazolin
- 5 novanm: 1,5 milyon galon gazolin
- 6 novanm: 4 milyon galon gazolin ak 5,3 milyon galon dizèl

**Glenwood Landing, Long Island (gazolin ak pwodui distile):** Tèminal la louvri epi li kapab aksepte livrezon nan baj.

### Vil New York

**BP – Brooklyn (gazolin ak pwodui distile):** Tèminal la louvri epi li kapab aksepte livrezon nan baj ak oleyodik.

**Tèminal Hess Brooklyn (pwodui distile):** Tèminal la louvri epi li kapab aksepte livrezon nan baj ak oleyodik.

**Tèminal Hess Bronx (pwodui distile):** Tèminal la louvri epi li kapab aksepte livrezon nan baj ak oleyodik.

**Bayside – Shore Parkway (pwodui distile):** Tèminal la louvri epi li kapab aksepte livrezon nan baj.

**Bayside – Smith Street (pwodui distile):** Tèminal la louvri epi li kapab aksepte livrezon nan baj.

**Bayside – 12<sup>th</sup> Street (pwodui distile):** Tèminal la louvri epi li kapab aksepte livrezon nan baj.

**Castle Oil, Bronx (pwodui distile):** Tèminal la louvri, epi yon baj ki pote 2,5 milyon galon pral rive dimanch oswa lendi.

### Hudson Valley

**Tèminal Newburgh Global (gazolin ak pwodui distile):** Tèminal la louvri pou livrezon nan baj, epi yon baj te la ayè, pou dechaje 2,7 milyon galon ak kamyon kabiran anmenmtan.

Gouvènè a te mete anplas tou yon seri aksyon ki la pou ogmante rezèv konbistib nan zòn ki afekte nan ouragan an.

Ayè, Gouvènè a te siyen yon Dekrè Egzekitif pou pèmèt distribitè ak konpayi transpò yo pote gazolin, dizèl ak kewozèn nan Eta New York san yo pa gen pou satisfè egzijans anrejistreman nòmal. Dapre lalwa, konpayi transpò yo ak distribitè yo dwe anrejistre nan Depatman Taksasyon ak Finans. Dekrè Egzekitif Gouvènè a te sispann egzijans pou anrejistre sa yo pou yon ti tan.

Answit, jodi a, Gouvènè a te siyen yon Dekrè Egzekitif pou sispann restriksyon yo pou yo ti tan sou egzijans presyon a vapè pou gazolin, epi pou anile egzijans dizèl ki gen ti kantite souf pou

konbistib chofaj kay. Sou desizyon Gouvènè a, eta a te jwenn yon anilasyon nan Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini sou egzijans rekiperasyon vapè yon fason pou yo kapab pote gazolin ant tèminal petwòl ki pa gen kouran ak estasyon gaz ki nan zòn ki afekte nan ouragan an.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418